yo‘li bilan musiqali tahsil oluvchining inson jon tuyg‘usiga ta‘siriga va farqli san’at turi sifatidagi funkciyalariga asoslanib yoritilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается факт, что музыкальное искусство является древним инструментом народной педагогики, влияение ученика-музыканта на душу человека через чтение нашей священной книги Корана в мыслях великих мыслителей Платона, А.Навоии, Ш.Шеразий, а также его функции как объясняется другой вид искусства.

**SUMMARY.** In the article, the fact that the art of music is ancient mean of pedagogy of the population, the influence of the musical student on the human soul through the recitation of our holy book Koran, in the thoughts of the great thinker Platon, A.Navoiy, Sh.Shergaziy and its functions as a different art form are explained.

# OQÍWSHÍLARDA MUZÍKALÍQ ATQARÍWSHÍLÍQ SHEBERLIGI HÁM ONÍŃ QAĠÍYDALARÍ

**S.Romanova** - *p.i.k., docent*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanısh sózler:** muzıka tábiyası, sheberlik, atqarıwshılıq sheberligi, oqıtıwshı hám oqıwshı, shaxs tárbiyası, ritm, tembr, regisrt, dinamika.

**Tayanch so‘zlar:** musiqa tarbiyasi, mahorat, ijrochilik mahorati, o‘qituvchi va o‘quvchi, shaxs tarbiyasi, ritm, tembr, regisrt, dinamika.

**Key words:** music education, skill, performance skill, teacher and student, personality education, rhythm, timbre, register, dynamics.

Muzıka sabaqlarınıń bas maqseti gózzallıq qaǵıydaları tiykarında bárkamal shaxstı qáliplestiriw wazıypasın ámelge asırıw ushın xızmet etiw bolıp esaplanadı. Muzıka repertuarları balalarda Watanǵa muhabbat, miynetsúyiwshilik, tábiyattı qádirlew, doslıq, tınıshlıq, múnásibet sıyaqlı ózgeshelikler muzıkalıq obrazlar arqalı túsinip alıwǵa qaratılıwı kerek. Balalar shıǵarmanı balalardıń jasına qaray olardıń diopozonına sáykes bolǵan bilim hám kónlikpeler dárejesi, muzıkaǵa múnisebet, motivaciyası, qábileti, salamatlıǵı, tálim ornındaǵı ortalıq jaǵdayın esapqa alıp bólinedi. Sabaqtıń dúzilisi oqıw materialları mazmunınan kelip shıǵıwı kerek. Bunda shıǵarmanıń tárbiyalıq áhmiyeti, olardıń kórkem ideyalıq sanası, balalardıń jas ózgesheliklerine qaray tańlanadı. Muzıkanıń bala tárbiyasına kóplegen qánigeler jumıs islegen. Bul juwmaqlar bizge metodikalıq járdem berip jumıs tájiriybemizge qosıladı hám jumıs barısın jeńillestiredi. Muzıka táliminde qosıq atqarıw iskerliginiń tárbiyalıq áhmiyeti ayrıqsha aytıladı. Milliy ruwxtı ózinde sáwlelendirgen xalıq muzıka dóretpeleri, xalıq qosıqları, kompozitorlar jazǵan shıǵarmalar balalar álemin seziwge, quwanısh sezimlerin alıwǵa járdem beredi. Muzıkalıq obrazlarǵa sáykes túrde olardıń xarakteri ózgerip baradı.

Nama, ritm, tembr, regisrt, dinamikalıq ózgesheliklerin sezgen jaǵdayda balalardıń qol ayaq, gewde denelerin muzıkaǵa maslastırıp háreketlendiriw muzıkalıq estetikalıq hám fizikalıq tárbiya ortasında baylanıstı támiyinleydi. Balalarǵa muzıka sabaǵın úyretiw ushın oqıtıwshı balalar, muzıka shıǵarmaları ustinde islewi kerek boladı. Olar alǵan bilim, kónlikpe hám tájiriybeleri arqalı balalardıń jas ózgesheliklerin úyrenip, pedagogikanıń tiykarǵı qaǵıydaların qáliplestirip hám kónlikpeler járdeminde sabaq beriledi hám kásiplik baǵdardıń tiykarǵı repertuarı ústinde islewin talap etedi. Bunıń ishinde tómendegi wazıypaları ámelge asırıladı:

-Bular qosıqlardı, berilgen shıǵarmalardıń janrı ózgerttirip turıladı;

-Muzıkalıq shıǵarmalardı, kórkem obrazların nota teksti menen ashıp beriw;

-Atqarıw sheberligin kórsetip úyretiw;

-Muzıkalıq shıǵarmanı uyreniw aldında atqarıw sheberligin kórsetiw;

-Baqsha, mektep yamasa studentlerdi oqıtıwda dástúrlerdiń sıpatlı bolıwın qadaǵalaw, ózlestiriw hám maslastırıw;

-Oqıwshılarǵa repertuar tańlay alıw, analizlew, talqılawǵa úyretiw;

Sonday-aq, muzıka oqıtıwshısı yamasa muzıka jetekshisi jumıs iskerligin muzıka tıńlaw, qosıq atqarıw, muzıkalıq ritmikalıq háreket túrlerine bóliwi múmkin, oqıwshılardı ruwxıy, mádeniy tarbiyalawda muzıka tárbiyası tiykarǵı sebepshiler esaplanadı. Oqıw orınlarında alıp barılatuǵın

muzıka sabaqları hám tárbiya jumıslarınıń tiykarğı maqseti gózzallıq qağıydaları arqalı jas áwladtı qáliplestiriw wazıypaların ámelge asırıw ushın xızmet etiwden ibarat. Balalardıń muzıkalıq tárbiyasında muzıka tıńlaw iskerligine ayrıqsha itibar berilmekte. Bul ilimpazlardıń shığarmaları hám ilimiy jumıslarında kórsek boladı. Balalar shığarmanı atqarıw ushın dáslep oqıtıwshı nota boyınsha namanı atqarıwdı úyretiwden aldın balanıń sanasında esitilip atırğan muzıkanı kórinisleri haqqında sáwbetlesiwi kerek. Balalar tárepinen esitilgen shığarma talqılanadı hám bul talqılaw erkin bolıwı kerek sonda balalar ózleriniń sózin erkin ayta alatuğın boladı. Máselen joqarı oqıw orınlarında oqıwshılarğa fortepiano shertiwdi uyreniw procesınde olardıń muzıkalıq tárbiyasın ámelge asırıw ulken áhmiyetke iye. Bul jerge kelip oqıp atırğan studentlerdıń ayrımları teoriyalıq bilimge iye al ayırımları orta bilimlendiriw mekteplerinen tuwrıdan-tuwrı kelip oqıydı. Bunday aralas tiptegi oqıwshı studentler ushın sabaq ótiw metodologiyasın differencial tipte jolğa qoyıp alıp barıw maqul. Ulıwma bilim beriw mekteplerinde muzıka sabağında alıp barıw ushın milliy saz asbapları menen birgelikte fortepiano shertiw hám tiykarğı wazıypa bolıp esaplanadı, bunıń ushın 112-qarar hám onıń orınlanıwı bizdegi máselelerge juwap bere aladı. Bunnan tısqarı xor bolıp qosıq aytıw, muzıkalıq ritmikalıq háreketlerdi orınlaw, muzıka sawatı, muzıka tıńlaw, saz ásbabında birgelikte atqarıw iskerlikleri muzıka ásbabınıń tiykarğı iskerligi bolıp esaplanadı. Oqıwshınıń dıqqatın sesler arqalı toplaw, muzıka materialın esitip pikirlew qábiletin rawajlandırıw hám de oqıwshınıń ses obrazın saz asbabında kórsetiwde járdem beretuğın qurallar menen qurallandırıwdan ibarat bolğan. Oqıwshılardıń esitiwin tárbiyalaw maqsetinde fortepianonı úyreniwden aldın yamasa basqa ásbaptı úyreniwden aldın olar menen tayarlıq sabaqları alıp barıladı. Bul sabaqlar saz ásbabında atqarılğan muzıka shığarmaların úyreniwge qaratılğan. Olarda muzıkanı túsinip alıw qábiletin rawajlandırıw ushın dáslep namanı esitip, onı atqarıw úlken áhmiyetke iye. Saz ásbabında nama atqarıw oqıwshılar dawısın tembrin esinde saqlawı hám seslerdiń joqarı-tómenligin parıqlay alıwı zárúr. Bunıń ushın oqıwshılar klaviatura menen tanıs bolıwı, notalardıń atamaların, sesi hám onıń intervalların anıq, tereń biliwi kerek.

Oqıwshılardıń ishki esitiwlerin rawajlandırıw hám kóriw, esitiw qatnasların bekkemlew ushın oqıtıwshı ilgeri úyrenilgen qandayda bir namanı esitiw yamasa aytıwı hám oqıwshılarğa tanıs namalardıń notaların kórsetiwi kerek, sonda oqıwshılar atqaratuğın namanı tabıwları kerek boladı. Aldın úyrenilgen namanı ses shığarmay ishinde atqarıwı hám ishki esitiwin rawajlanıwına qaratıladı. Pedagogtıń mimikası boyınsha ishki atqarıw dawıs shığarıp atqarıw menen almastırıladı. Oqıtıwshı oqıwshılardı óz-ózinen eslewi boyınsha atqarmastan, nota teksti tiykarında atqarıwğa qaratıwı kerek. Aktiv esitiw hám dıqqattı jaqsılaw ushın namanıń tonikasınıń sońğı bólegin jaratılıwı sesli juwaplardı izlew, namanıń oqıtıwshı bergen grafikli suwreti arqalı jaratıw, berilgen namağa uqsas namalardı jaqsı esitiw elementlerin atqarıw oqıwshılarda «kompozitorlıq» dóretiwshilik belsendiligi elementlerin payda etedi. Máselen fortepianonı atqarıwda esitiw usılın birinshi qağıydası oqıwshınıń teoriyalıq atqarıwshılığı hám muzıka menen jámáát bolıp shuğıllanıwğa tayarlığın óz-ara bayqawğa háreket qılınadı. Oqıwshılarda esitiw háreket baylanısları jumıslarında fortepiano klastağı arnawlı esitiw usılların qollaw oqıwshılardıń atqarıwshılıq jumısı menen ishki baylanıspağanlığın kórsetedi. Dóretiwshilik procesı esitiw kózqaraslarına tiykarlanadı. Bul saz ásbapta atqarıw jaqsı atqarıwğa sebepshi boladı. Saz atqarıwda esitiwdiń rawajlanıwın ulıwmalıq muzıkalıq tárbiya máselesi menen baylanısqan jağdayda talqılanadı. Muzıkalıq mağlıwmatqa iye hám muzıkalıq mağlıwmatı bolmağanlarğa ayrıqsha jantasıw zárúr.

Muzıka mağlıwmatı bolmağan oqıwshılar menen islesiwde olarda atqarıwshılarğa say tájiriybelerge qaray esitiw hám ulıwma muzıkalıq qábilettiń rawajlanıwına kóbirek itibar beriw júdá hám kerekli.

Saz ásbabı atqarıwdı úyreniwshilerde muzıkanı notağa qaray solfedjio aytıw, esitiw kónlikpesin tárbiyalaw kerek. Esitiwdi rawajlandırıw múmkin hám bunıń ushın arnawlı jumıs alıp barıwı kerek. Atqarıwshınıń esitiwin rawajlandırıwğa ayrıqsha áhmiyet beredi. Olardıń kishi shığarmalar menen nama shertiwge úyreniwi ústinde islewindegi qolay variantlı usılı barmaqlardıń háreketlerin klavishlarğa sáykeslestiriw kónlikpesi, basqa tárepten bolsa esitiw hám dıqqatın qaratıwı rawajlandırıladı. Qábileti az oqıwshılarğa jáne de kishirek shığarma menen sheklenedi.

## Ádebiyatlar


1. D.A.Karimova, Sh.A.Yakubova. Bolalar musiqa asarlari ustida ishlash. -T.: «Fan va texnologiya», 2012,144 bet.
2. Romanova S.E. Muzıkanı oqıtıwdıń innovacion pedagogikalıq texnologiyaları. Tashkent-2022 j. 144 b.



**REZYUME.** Bul maqala muzıkalıq tálim-tárbiyası alıp atırǵan oqıwshılardıń muzıka atqarıwshılıq sheberligin asırıw qaǵıydaları, oqıtıw tártibi haqqında jazılǵan.

**REZYUME.** Ushbu maqola musiqiy ta'lim-tarbiya olib borilayotgan o'quvchilarda ijrochilik mahoratini oshirish qoidalari, o'qitish tartibi haqida yozilgan.

**SUMMARY.** This article is written about the rules of improving the performance skills of students undergoing musical education, the teaching procedure.


## TEATR HÁM KÓRKEM ÓNER


**Q.Seytjanova** – *aǵa oqıtıwshı*

*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** teatr, musiqa, drama, opera, balet, qo'g'irchoq teatri, pantomima.

**Ключевые слова:** театр, музыка, драма, опера, балет, кукольный театр, пантомима.

**Key words:** theater, music, drama, opera, ballet, puppet theater, pantomime.


Teatr - (yun. Theatron-tamashagoh) kórkem óner túri; onıń ayrıqsha ańlatpa quralı aktyordıń kópshilik aldındaǵı oyını procesinde júzege keletuǵın saxnalıq waqıya bolıp tabıladı. Teatr kórkem ónerinde hám taǵı basqa kórkem ónerlerde bolǵanı sıyaqlı, xalıq turmısı, tariyxı, dúnyaǵa kózqarası sáwlelenip, jámiyet rawajlanıwı, ruwxıylıǵı, mádeniyatı menen baylanıslı halda ózgerip, rawajlanıp baradı. Teatr tiykarında awızsha yamasa jazba dramaturgiyalar jatadı. [1]

Teatr sintetik kórkem óner bolıp, jámiyet turmısında, tamashagóylerdiń ruwxıy hám estetikalıq tárbiyasında zárúrli orın tutadı. Ol jaǵdayda dramaturgiya, muzıka, súwretleytuǵın kórkem óner, oyın, arxitektorlıq ajıralmaytuǵın birlikti quraydı. Teatrdıń zárúrli qurallarınnan biri saxna sóylewi bolıp tabıladı. Saxna sóylewi xarakterlerdiń ashılıwında, dóretpe mazmunı, konfliktiniń sáwlelendiriliwinde tiykarǵı orındı tutadı. Saxna shıǵarmalarınıń jaratılıwında teatr súwretshiligi (scenografiya)nıń úlesi úlken. Súwretshi dóretpe mazmunı hám rejissyor sheshiminen kelip shıǵıp, dekoraciya jaratadı. [2]

Teatrda muzıkanıń da ornı úlken, tamasha túri hám janrǵa baylanıslı halda ol túrli wazıypanı atqaradı: dramalıq spektakllerde járdemshi qural bolsa, operetta, muzıkalı dramada sóz benen haqılı, opera hám baletde bolsa sheshiwshi áhmiyetke iye boladı. Teatr kórkem óneri uzaq tariyxqa iye bolıp, onıń tiykarǵı elementleri (basqa túske kirisiw, dialog, dúgilisiw sıyaqlı) insaniyattıń baslanıwı dáwirlerinde ańshılıq, miynet hám dástúr, bayramlar menen, totemizm, animizm sıyaqlı baslanıwı dúńyaǵa kózqaras hám ata-babalarımızdıń ruwxlarına sıyınıw menen baylanıslı halda qáliplesken. [3] Bul teatr hám muzıka Orta Aziya xalıq teatrları sonıń arasında qaraqalpaq xalıq teatrı basıp ótken jolı muzıka kórkem óneri menen tıǵız baylanıslı bolıp tabıladı. Teatr ol kúnnen-kúnge óz átirapına xalıqtıń eń jaqsı dóretiwshilik kúshlerin toplaydı, milliy hám materiallıq dástúrlerdi jaratadı. Professional muzıkanı rawajlandırıw ushın sharayat jaratqan teatr qaraqalpaq xalıq ansambllarınıń bolajaq kompozitorları ansamblleri tánepis waqtında ataqlı eski muzıkalar atqarılıwları, oyın sesler, xalıq qosıqların jırlasadı, bul repertuardaǵı qosıqlar keyinirek muzıkalıq spektaklller hám muzıkalıq dóretpelerge kirgizilgen teatr repertuarında dramatikalıq spektakller bólek orın iyeley basladı. Az-azdan olar arnawlı bolıp, milliy muzıkalı drama janrınıń tuwılıwı teatrda muzıkalı dramasınıń tiykarın xalıq oyınları, muzıka hám teatr elementlerin quraydı. Saqlanǵan dástúrlerge, birinshi náwbette, xalıq namaları, xalıq qosıqları, qosıq folklorınıń geypara elementleri kiredi. Dramada xalıq muzıkasınan paydalanıwdıń basqıshları (mısalı, keri qosıq), birinshi náwbette, dramaturg eń aldı menen óz jumısına kóbirek itibar qaratadı. Tamasha bul aktyor tárepinen avtordıń sezimlerin tamashagóyge jetkere biliw hám ótkeriw. Qaǵıyda jol menende, aktyor spektaklde suwretlengen tájiriybelerdi kórsetip beredi. Spektakl dawamında aktyor óz denesi, háreketleri, ima-ishara belgileri, dawısı, hár qıylı zatlar menen isleydi. «Teatr» túsinigi hár qıylı hám sırtqı kórinislerdi óz ishine aladı: drama teatrı, opera, balet, quwırshaq teatrı, pantomima hám basqalar.